



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 1/8/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**9YÈM PWOPOZISYON AJANDA 2016 GOUVÈNÈ CUOMO: KONPETISYON
KONSOLIDASYON MINISIPAL POU KONTINYE FÈ NEW YORK VIN A BON MACHE**

***Konpetisyon ant \$70 milyon nan efò pou ankouraje efikasite gouvènman ak
ekonomi kontribyab yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te devwale siyati nevyèm pwopozisyon ajanda 2016 li a – yon Konsolidasyon minisipal ak konpetisyon efikasite ki fèt pou rekonpanse gouvènman lokal yo ki pran aksyon reyèl pou rann lavi ak travay nan Eta New York vin pi bon mache.

Konpetisyon an ap mete an defi konte, vil, bouk ak vilaj yo pou devlope plan daksyon konsolidasyon inovè ki vize nan rediksyon taks enpòtan ak pèmanan sou pwopriyete. Patenarya konsolidasyon an ki pwopoze e ki ka enpleman pi gwo rediksyon pèmanan nan rediksyon taks sou pwopriyete ap resevwa yon prim \$20 milyon.

“Nou te fè gwo pwogrè pandan senkan ki sot pase yo pou fè New York vin pi bon mache, e ane sa nou pral kenbe elan sa delavan apati fondasyon an,” **te deklare Gouvènè Cuomo.** “Konpetisyon sa ap ede gouvènman lokal yo jwenn fason inovè pou redwi depans yo ak diminye taks pou elektè yo– sa ki pral rann li pi fasil pou viv, travay ak pwospere nan kominote sa yo. Sa a se osijè pou bati yon New York ki pi pwospè ak solid sou lontèm, e mwens toujou prè pou ede patnè lokal nou yo toupatou nan eta pou ale delavan.”

Sa ta pi gwo rekonpans dirèk ke yo te janm ofri kominote yo pou travay ansanm pou pataje sèvis yo, diminye sou depans epi diminye taks sou pwopriyete. Sa pral fè pati de \$70 milyon nan bidjè ane sa pou rekonpanse konsolidasyon gouvènman lokal yo, re-òganizasyon ak efikasite ki lakoz nan ekonomi pou kontribyab yo.

Pandan plizyè ane, taks sou pwopriyete nan New York te pami sa ki te pi elve nan peyi a, afekte ekonomi konpetisyon New York negativman ansanm avèk kalite lavi pou rezidan li yo. Ant 2000 ak 2010, taks sou pwopriyete te grandi nan yon vitès dirab – plis pase double pousantaj enflasyon an.

Nan 2011, Gouvènè a te adopte Barèm Taks sou Pwopriyete. Kòm yon rezilta, taks sou pwopriyete te rete nan yon pousantaj mwayèn kwasans de pousan pandan twazan ki sot pase yo, mwens pase mwatye kwasans sou 10 ane anvan yo.

Yo te ranfòse barèm lan nan 2014 avèk yon pwogram blokaj taks sou pwopriyete ki te ankouraje gouvènman lokak ak distri lekòl yo pou konfòme avèk barèm taks la ak devlope plan efikasite gouvènman pou redwi depans yo. Yo te kreye yon nouvo kredi soulajman taks sou pwopriyete nan 2015 pou pwogresivman sible yon soulajman taks sou pwopriyete \$1.3 milya pou pwopriyetè kay New York yo sou pwochen katran yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418